

Chak sitiyaşyon inik, e ofisye polis la dwe adapte repons li a sitiyaşyon an.

AN JENERAL, YON OFISYE POLIS:

- Ap bay non l ak nimewo badj li si w mande.
- Yon ofisye polis ki pa an inifòm ap prezante idantifikasyon ki apwopriye; ou ka mande egzamine pyès idantite yo pou w ka konfime li se yon polisye.
- Ap enfòmè yon moun rezon ki fè li rete l.
- Ap sèlman itilize fòs ki nesèsè pou efekte arestasyon yon sispèk e pou kenbe gad prizonye a.
- P' ap fouye kò yon moun sèks opoze sof pou prevni blesi yon lòt moun oubyen pou evite eliminasyon oubyen destriksyon prèv, e
- E ap sèlman arete yon moun pou yon ofans ki komèt nan prezans ofisye a, oubyen lè ofisye a gen yon motif rezonab pou li kwè ke moun sa te gen tan komèt krim nan.

KESYON/PLENT/KONPLIMAN

Si ou gen yon kesyon sou pwosedi yo oubyen ou gen yon plent konsènan jan yo te trete w, kontakte Depatman an epi mande pou w pale ak yon sipèvizè, rele Office of Internal Affairs (Biwo Zafè Entèn) nou an oubyen voye yon imel bay Complaint@pdcn.org . Ou ka voye yon lèt oubyen yon imel konpliman tou si w santi ofisye a te patikilyèman itil nan sitiyaşyon w lan bay Compliment@pdcn.org

**Police Headquarters
(Katye Jeneral Polis la)
1490 Franklin Ave., Mineola
516-573-8800**

**Office of Internal Affairs
(Biwo Zafè Entèn)
516-573-7120**

**Nassau County Commission of
Human Rights (Komisyon Dwa
Imen Konte Nassau)
516-571-3662**

Sikonskripsyon

**1^{ye} Sikonskripsyon
900 Merrick Rd., Baldwin
516-573-6100**

**2^{yèm} Sikonskripsyon
7700 Jericho Tpke., Woodbury
516-573-6200**

**3^{yèm} Sikonskripsyon
214 Hillside Ave., Williston Park
516-573-6300**

**4^{yèm} Sikonskripsyon
1699 Broadway, Hewlett
516-573-6400**

**5^{yèm} Sikonskripsyon
1655 Dutch Broadway, Elmont
516-573-6500**

**7^{yèm} Sikonskripsyon
3636 Merrick Rd., Seaford
516-573-6700**



**KISA POU
W FÈ LÈ
LAPOLIS
KANPE W**

**Edward P. Mangano
Kad Egzekitif Konte a**

**Thomas C. Krumpert
Komisè Polis Enterimè**



POUKISA LAPOLIS KANPE MOUN?

Gen anpil rezon diferan ki ta ka lakoz polis kanpe w. Kèlkeswa rezon an, ofisye a bezwen kowoperasyon ou.

- Ofisye a ka panse ou gen pwoblèm e ou bezwen èd.
- Ou ka te temwen yon krim.
- Ou ka te komèt yon vyolasyon kòd sikilasyon an.
- Ou ka reponn ak deskripsyon yon sispèk.

Si polis kanpe w pandan w ap kondwi, ou ka santi w strese, konfi oubyen menm fache. Sa yo se sansasyon natirèl, men sonje, arè sikilasyon ka stresan epi danjere tou pou ofisye polis la. Chak ane, yon kantite polisye mouri oubyen blese gravman pandan y ap fè yon arè trafik «woutin».

Avèk sa nan lide nou, lè w gen yon konpòtman ki poli e lè w swiv enstriksyon ofisye a, sa asire sekirite ou ak sekirite ofisye a.

SONJE:

NAN TOUT SITIYASYON, LÈ LAPOLISKANPE YON MOUN, LI OBLIJE KOWOPERE AK ENSTRIKSYON POLIS LA.



Lwa Eta New York sou Veyikil ak Sikilasyon egzije ke tout chofè akòde priyorite a veyikil ijans yo. Chofè yo dwe ranje yo paralèl ak kote dwat la imedyatman, kanpe epi rete nan yon pozisyon ki kanpe jiskaske machin ijans lan pase.

LÈ POLIS LA KANPE W, SONJE:

1. Yon ofisye polis ka fè w mete w sou kote nenpòt lè pou yon vyolasyon trafik oubyen pou yon investigasyon lapolis.
2. Lè w wè limyè wouj la sou tèt li epi/oubyen ou tande sirèn nan, rete kalm epi pase sou kote dwat wout la tou dousman.
3. Rete nan machin ou amwenske ofisye a di w otreman.
4. Kite men w sou volan an pou ofisye a ka wè yo. Men ki kache ka endike gen danje pou yon ofisye.
5. Evite tout mouvman rapid, espesyalman nan direksyon atè a, chèz dèyè a oubyen chèz pasaje machin nan. Yo ka entèprete aksyon sa yo tankou w ap pran zam.
6. Pa chèche lisans oubyen lòt dokiman imedyatman jiskaske ofisye a mande yo. Lwa Eta New York yo egzije chofè yo montre lisans, imatrikilasyon ak kat asirans yo lè yo mande yo.
7. Si dokiman ou yo pa sou lamèn, di ofisye a ki kote yo ye anvan ou al pran yo.
8. Si yo kanpe w pandan li fè nwa, limen limyè andedan yo pou ofisye a ka wè fasilman ke tout bagay an òd e pa gen menas kache.
9. Si gen pasaje nan machin ou an, ankouraje yo rete an silans epi kowopere ak enstriksyon yo. Ou menm, antanke operatè a, ou responsab machin nan ak moun ki ladan l yo sèlman.
10. Anpil depatman polis itilize machin patwouy ki gen yon sèl ofisye, espesyalman nan banlye yo. Pa enkyete si ou wè plis pase yon machin make nan yon arè sikilasyon. Sa se pou sekirite ofisye polis yo.
11. Si polis la ba w yon kontravansyon pou yon vyolasyon sikilasyon, evite tonbe nan diskisyon.
12. Anfen, si ou resevwa yon kontravansyon, pran kontravansyon an ak kalm. Lè w aksepte sa pa vle di ou admèt ou koupab. W ap genyen yon opòtinite pou abòde kesyon an nan tribinal.

SONJE:

LI ENPÒTAN POU KOWOPERE AK OFISYE YO EPI RETE KALM PANDAN NENPÒT ECHANJ AK LAPOLIS.